

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Nulis mangrupa kaparigelan anu kudu kacangking ku siswa dina unggal pangajaran, boh eksak boh noneksak. Ku kituna, nulis dijadikeun salasihiji materi poko dina kurikulum pangajaran ti SD, SMP/MTs, SMA/MA, nepi ka Paguron Luhur. Utamana dina pangajaran basa Indonesia, basa Inggris, basa Sunda, jeung basa-basa séjén nu diajarkeun di sakola. Nurutkeun Gebhardt jeung Rodrigues (1989), nulis mangrupa salasihiji hal nu pangpentingna di tataran sakola.

Sudaryat (2009, kc. 99) nétélakeun yén nulis atawa ngarang mangrupa kamampuh makéna basa dina wangun tinulis pikeun nepikeun gagasan, eusi pikiran, kahayang, kereteg haté atawa informasi. Katitén dina SKKD Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda yén dipiharep siswa mampuh nulis pikeun ngébréhkeun amanat/pesen (pikiran, rasa, jeung kahayang) dina rupa-rupa wangun sarta jenis karangan (wacana tulis), kaparigelan nulis mangrupa salasihiji komponén tina kaparigelan basa. Nulis mangrupa hiji kagiatan nu *produktif* jeung *ekspresif* nu mibanda peranan anu kawilang penting pang-pangna dina wangun atikan sabab ngahasilkeun karya karangan.

Dumasar kana SKKD Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda di tingkat SMP/MTs kelas VII, pangajaran nulis anu diajarkeun ka siswa salasihijina nya éta nulis biografi. Nurutkeun Ernest (2009) biografi dibagi dua nya éta biografi singget jeung biografi anu eusina panjang. Biografi singget nya éta tulisan atawa lalakan kahirupan pribadi hiji jalma kalawan nyaritakeun pakta-pakta ngeunaan pangalaman jeung kagiatan sapopoéna, sedengkeun biografi anu eusina panjang mah nya éta ngawengku informasi-informasi penting anu dicaritakeun kalawan lengkep tur maké gaya nyarita anu hadé. Dina ieu panalungtikan, biografi anu dijadikeun matéri panalungtikan nya éta biografi singget. Luyu jeung Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat (2007, kc. 94), nétélakeun yén standar kompetensi 7.4 disebutkeun siswa mampuh nulis pikeun ngébréhkeun pikiran,

rasa, jeung kahayang dina wangun nulis pangalaman, biografi, sajak, jeung bahasan. Katut kompetensi dasar 7.4.2 nulis biografi singget.

Dina prak-prakanana, pangajaran nulis di sakola hususna di SMP YAS Bandung, dumasar kana hasil survéy nu geus dilakonan ku panalungtik nalika PPL di éta sakola, kamampuh siswa dina pangajaran nulis hususna pangajaran nulis biografi singget basa sunda masih kénéh loba kahéngkérana sarta loba bangbaluhna, boh bangbaluh ti siswana boh ti guruna. Sawatara bangbaluh anu karandapan téh tétéla pangajaran nulis biografi kurang dicangkem ku para siswa. Anapon hasil nulis biografi siswa téh kurang nyugemakeun, lantaran siswa kurang mampuh mekarkeun basa dina nulis jeung siswa can mampuh ngagunakeun éjahan tur kekecapan anu merenah. Ieu hal lantaran siswa kurang maham naon ari biografi téh jeung kumaha nyieun biografi anu nyumponan sarat-sarat biografi (rangkay karangan, kajadian penting, jeung kronologi kahirupan hiji jalma). Salian ti éta, kurangna minat siswa dina nulis lantaran guru anu kurang kreatif dina ngagunakeun stratégi pangajaran, sarta dina proses diajar pangajaran nulis anu monoton.

Dumasar hasil wawancara ka guru mata pelajaran basa sunda SMP YAS Bandung poé kemis ping 9 januari 2014, singhoréng hasil karangan siswa kelas VII memang masih kénéh kurang. Katitén tina nilai rata-rata kelas dina pangajaran nulis nya éta 70 pikeun pangajaran basa sunda di SMP YAS Bandung. Sababaraha siswa mampuh kana nilai 70 atawa bisa disebut ogé tuntas tanpa aya remedial, ngan teu saeutik ogé siswa anu perlu remedial pikeun kahontal nilai KKM 70 pangajaran basa sunda. Ku kituna, pikeun ngungkulan éta pasualan nu karandapan ku siswa dina pangajaran nulis biografi singget, tangtu teu leupas tina peran guru dina kagiatan diajar ngajar. Guru salaku panyatur kudu parigel dina prakna nepikeun pangajaran, sarta kudu bisa ngaronjatkeun minat sarta kamampuh nulis siswa, boh sacara eksternal boh internal. Eksternal mangrupa pangaruh lingkungan dina proses diajar ngajar, sedengkeun internal mangrupa minat jeung motivasi siswa kana kagiatan nulis. Dina matalikeun éta faktor, guru kudu ngalarapkeun pamarekan atawa stratégi pangajaran sangkan minat jeung kamampuh nulis siswa kahontal, hususna pikeun ngaronjatkeun hasil diajar siswa

dina nulis biografi singget. Hal-hal éta baris dibuktikeun dina hiji tindakan, nya éta tindakan maluruh stratégi pangajaran anu hadé pikeun kagiatan nulis biografi singget. Salasahiji strategi anu bisa ku guru diterapkeun nya éta strategi *questioning*.

Strategi *questioning* mangrupa bagéan atawa komponén pamarekan kontékstual. Prosés *questioning* dina pangajaran kontékstual minangka tarékah guru pikeun ngaronjatkeun pangaweruh siswa dina mikanyaho hiji hal, muserkeun siswa pikeun meunangkeun informasi, jeung mikanyaho kamampuh mikir siswa. Proses *questioning* dina pangajaran kontékstual mangrupa evaluasi pikeun kamampuh siswa dina nyangking matéri nu ditepikeun ku guru (Putra, 2013, kc. 74). Nurutkeun Brown & Edmondson (1984) yén *questioning* mangrupa patalékan anu ngulik atawa nyiptakeun élmu tina diri siswa. Proses *questioning* atawa ngajukeun patalékan dijadikeun tarékah ngaronjatkeun sumanget siswa pikeun nimukeun pangaweruh jeung matéri anu kudu diajar sacara mandiri. Ku kituna, *questioning* mangrupa aspék anu penting pisan. Ku ayana patalékan, guru bisa ngabimbing jeung ngarahkeun siswa pikeun nimukeun konsep pangaweruhna sorangan. Dumasar pamadegan di luhur, yén strategi *questioning* pikeun pangajaran nulis biografi singget payus pisan pikeun diterapkeun.

Salila panalungtik maluruh kajian panalungtikan nu geus aya, hususna di perpustakaan Pendidikan Bahasa Daerah. Panalungtikan anu ngagunakeun strategi *questioning* pikeun strategi pangajaran saméméhna can kungsi aya. Anapon skripsi anu kapanggih ku panalungtik nya éta skripsi anu geus nalungtik ngeunaan nulis biografi, nya éta kalawan judul “Éféktivitas Média Majalah Dingding (Mading) dina Pangajaran Nulis Biografi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X Multimédia-1 SMK Pasundan 3 Kota Bandung)” anu ditalungtik ku Rahayu (2010). “Teknik Wawancara Pikeun Ningkatkeun Kamampuh Nulis Biografi (Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas X-E SMA Pasundan 1 Bandung Taun Ajar 2010/2011)” anu ditalungtik ku Satriadi (2011). “Strategi *Modeling Berbasis Teks* (SMBT) pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Biografi Singget (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-B SMPN 19 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)” anu ditalungtik ku Nurbudi (2013).

Dumasar kana pedaran di luhur, panulis nalungtik “Stratégi *Questioning* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Biografi Singget (Studi Kuasi Ekspérimén ka Siswa Kelas VII-B SMP YAS Bandung Taun Ajaran 2013/2014)”. perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang di luhur, sangkan masalah dina ieu panalungtikan teu lega teuing ambahanana tur ieu panalungtikan anu dilaksanakeun téh bisa museur. Ku kituna, panalungtik ngawatesanan ieu panalungtikan kana stratégi *questioning* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis biografi singget siswa kelas VII-B SMP YAS Bandung taun ajaran 2013/2014 ditilik tina aspék kualitas jeung lingkup eusi, organisasi jeung tampilan eusi, tata basa, gaya basa, ejaan sarta karapihan tulisan.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana identifikasi di luhur, rumusan anu jadi masalah dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) kumaha kamampuh nulis biografi singget saméméh ngagunakeun stratégi *questioning* siswa kelas VII-B SMP YAS Bandung?
- 2) kumaha kamampuh siswa nulis biografi singget sanggeus ngagunakeun stratégi *questioning* siswa kelas VII-B SMP YAS Bandung?
- 3) naha aya bédana anu signifikansi antara kamampuh nulis biografi singget saméméh jeung sanggeus ngagunakeun stratégi *questioning* siswa kelas VII-B YAS Bandung?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku kana tujuan umum jeung tujuan husus, nya éta sakumaha anu dipedar di handap:

### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta nguji cocog henteuna stratégi *questioning* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis biografi singget.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadésripsikeun:

- 1) kamampuh awal nulis biografi singget saméméh ngagunakeun stratégi *questioning* siswa kelas VII-B YAS Bandung.
- 2) kamampuh ahir nulis biografi singget sabada ngagunakeun strategi *questioning* siswa kelas VII-B YAS Bandung.
- 3) béda anu signifikan antara kamampuh nulis biografi singget saméméh jeung sabada ngagunakeun strategi *questioning* siswa kelas VII-B SMP YAS Bandung.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sakumaha anu dipedar ieu di handap:

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaat pikeun mekarkeun tiori pangajaran nulis, utamana dina milih strategi pangajaran nu cocog pikeun dilarapkeun sangkan bisa ngahontal tujuan pangajaran.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun guru, siswa, jeung nu nalungtik:

- 1) Mangpaat pikeun guru

Ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaat pikeun ngaropéa strategi pangajaran nulis biografi singget jeung bisa mekarkeun kaparigelan guru basa sunda hususna dina nerapkeun pangajaran strategi *questioning*, sarta bisa nyiptakeun kagiatan diajar nu ngirut jeung teu ngabosenkeun.

2) Manfaat pikeun siswa

Ieu panalungtikan bisa ngaronjatkeun kaparigelan kamampuh nulis biografi singget jeung siswa mikaweruh cara nulis nu hadé ogé luyu jeung kanyataan.

3) Manfaat pikeun nu nalungtik séjén

Ieu panalungtikan bisa dijadikeun dadasar pikeun nyieun panalungtikan nu sarupa.

### 1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab, nya éta: bab I eusina bubuka nu ngawengku kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, manfaat panalungtikan boh anu ngawengku manfaat teoritis boh manfaat praktis, sarta raraga tulisan dina ieu skripsi. Bab II eusina rupaning tatapakan tiori nu ngawengku ulikan tiori, raraga mikir, jeung hipotesis tina panalungtikan anu dilaksanakeun. Bab III eusina ngeunaan métodologi anu digunakeun dina ieu panalungtikan anu ngawengku sumber data, métodé panalungtikan, desain panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, sarta téhnik panalungtikan. Bab IV eusina ngeunaan hasil panalungtikan anu ngawengku analisis data hasil panalungtikan jeung pedaranana. Bab V eusina ngeunaan kacindekan jeung saran tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun.